# Қарақалпақстан Республикасы И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем-өнер музейинде пресс-конференция болып өтти

Пресс-конференцияның мақсети Қарақалпақстан Республикасы И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем-өнер музейи тәрепинен 2020-жылы әмелге асырылған ис-илажлар ҳаққында, сондай-ақ, музейге тайынланған музейдиң жаңа директорын жәмийетшиликке таныстырыўдан ибарат.

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем-өнер музейи 2020-жыл даўамында көплеген ис-илажлар әмелге асырылды. Атап айтқанда, 2020 жыл даўамында Қарақалпақстан Республикасы И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем-өнер музейи тәрепинен 8 илаж ҳәм 12 көргизбе шөлкемлестирилип, олардың 8 онлайн форматта шөлкемлестирилди.

Музейимизге 2020-жыл даўамында  жәми 18539 мийман келген болса, солардың 10942 си 18 жасқа шекемги балаларды қурайды ҳәм 383 шет елли мийманлар музейимизди тамашалаған.

Музей тарийхы ҳәм топламы менен кең жамийетшиликти, тийкарынан жасларды таныстырыў мақсетинде музей илмий хызметкерлери тәрепинен орта ҳәм жоқары оқыў орынларында жыл даўамында арнаўлы лекциялар  шөлкемлестириў жолға қойылған. 2020-жыл даўамында музей илмий хызметкерлери тәрепинен 109 лекция оқылды.

Сол менен бир қатарда музей илмий хызметкерлери тәрепинен музей коллекциясы, тарийхы, археология ҳәм этнография фондларында сақланып атырған буйымлары ҳаққында, сондай-ақ,  художниклердиң өмири ҳәм дөретиўшилгин өзинде сәўлелендирген  38 мақала республикалық ҳәм сырт еллерде шығатуғын газета ҳәм журналларда баспадан шықты.  Музей илмий хызметкери В. Кимниң  Россия Федерациясында  баспадан шығатуғын “Мир музея” журналының март айындағы санында “Есть такой музей”  атлы мақаласы, археология бөлими илмий хызметкери Г.Акимниязованың 2020 жыл июнь айында Чехия мәмлекетинде  өткерилген “Европа, илим ҳәм биз” атлы илмий-әмелий конференцияда өзиниң  «Методы реставрации стеклянных артефактов в полевых условиях» атлы мақаласы менен қатнасып халқаралық сертификат пенен

сыйлыкланды,  сондай-ақ, 1976-жылдан бери Францияда баспадан шығатуғын “GEO” журналының октябрь айындағы санында  Қаракалпақстан Республикасы И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем-өнер музейи хаққында “Нөкистеги қадағанланған көркем-өнер топламы” атлы мақалаларды айрықша атап өтсек болады.